# ashibil basa, rabban naasi, wasfi Anta As-Saafii, laa sifaa-a illaa sifaa-uka sifaa-an laa yuxaadiru saqaman

Jële nañu ci Aysatu yaayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu daan seeti ku feebar di ko ñaanal day wax: "ashibil basa, rabban naasi, wasfi Anta As-Saafii, laa sifaa-a illaa sifaa-uka sifaa-an laa yuxaadiru saqaman".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu daan seeti ku feebar da koy ñaanal daal di wax: Yaw Yàlla sama Boroom dindil mettit wi ak tarug feebar bi, yaw Boroom nit ñi ki leen Bind yor leen, saafaraal aji-feebar jii, tudd naa sag Sell yaw Aji-Saafara ji, maa ngi jottaliku jëm ci yaw ci sa tur wii di Aji-Saafara ji, aji-feebar ji du saafara wu lu dul ci sag saafa, saafara gog du bàyyi jenn jàngoro.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5542